

Jwenn Konsèy konsènan Reparasyon Rekonstwiksyon ant 10 ak 14 Janvye nan Home Depot ki nan Myrtle Beach

Release Date: January 10, 2023

COLUMBIA, S.C. – Sitwayen k ap repare ak rekonstwi kay yo apre Ouragan Ian kapab ale nan Home Depot ki nan Myrtle Beach pou yo resevwa sijesyon ak konsèy sou fason pou fè kay yo pi solid ak pi pwoteje kont siklòn ak lòt danje.

Espesyalis FEMA nan domèn rediksyon dega pral disponib ant **8 a.m. ak 6 p.m. Madi 10 janvye jiska samdi 14 janvye**, pou reponn kesyon yo epi pou bay sijesyon konsènan reparasyon kay ak lòt metòd konstwiksyon pwouve pou evite oswa diminye domaj yo nan katastwòf pidevan yo. Y ap bay teknik tou pou rekonstwi kay k ap vin rezistan nan danje. Enfòmasyon gratis sa yo deziyen pou moun k ap fè brikolaj yo ak kontraktè jeneral yo.

Diminisyon dega se yon efò pou redui pèt lavi ak domaj nan kay yo lè nou diminye konsekans yon katastwòf. Rechèch yo montre chak dola yon moun depanse pou rediksyon dega ap pèmèt moun nan ekonomize \$6 sou pèt nan katastwòf pidevan yo.

The Home Depot

951 Oak Forest Lane

Myrtle Beach, SC 29577

8 a.m. to 6 p.m. -- 10 Janvye jiska 14 Janvye



FEMA

Page 1 of 1